**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI**
**STATISTIKA BASQARMASI**

## Qaraqalpaqstan Respublikasında ulıwma orta bilim beriw 2018/2019 - oqıw jılı basına

Xalıq bilimlendiriw ministrligi hámde basqada ulıwma bilim beriw mekemeleri tárepinen tapsırılǵan mámleketlik statistika esabatları maǵlıwmatları boyınsha 2018/2019-oqıw jılı basına ulıwma orta bilim beriwdiń tiykarǵı statistikalıq kórsetkishleri islep shıǵıldı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında 2018/2019-oqıw jılı basına jámi ulıwma bilim beriw mekemeleri sanı 708 di quradı, olardan 506 (71 %) awıllıq jerlerde, 202 (29 %) qalalıq jerlerde jaylasqan.

### Ulıwma bilim beriw mekemeleriniń qalalıq hám awıllıq jerler boyınsha bólistiriliwi, %




### 2018/2019-oqıw jılı basına ulıwma bilim beriw mekemelerindegi oqıwshılar sanı

Klass toparları boyınsha ulıwma bilim beriw mekemelerindegi oqıwshılar sanı,mıń.adam

1-4 klasslar-141,2

5-9 klasslar-143,6

10-11 klasslar-39,2

Tayarlıqlar bir tilde alıp barılatuǵın mektepler sanı-508

Tayarlıqlar túrli tilde alıp barılatuǵın mektepler sanı-196

2018/2019-oqıw jılı basına ulıwma bilim beriw mekemelerindegi jámi oqıwshılar sanı 326,5 mıń adamdı quradı. Ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda, oqıwshılar sanı 11 % ke kóbeydi. Oqıwshılar sanınıń kóbeyiwi ulıwma orta bilim beriw mekemelerinde 10-11-klasslardıń payda bolıwı menen baylanıslı boldı, olardaǵı oqıwshılar sanı ótken jılǵa qaraǵanda 31,8 mıń oqıwshıǵa kóbeydi.

## Ulıwma orta bilim beriw mekemeleriniń aymaqlar kesiminde bólistiriliwi, birlik

| | **2017/2018-oqıw jılı basına** | **2018/2019-oqıw jılı basına** |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **707** | **708** |
| Nókis q. | 52 | 53 |
| *rayonlar:* | | |
| Amiwdáriya | 82 | 82 |
| Beruniy | 68 | 68 |
| Qaraózek | 32 | 32 |
| Kegeyli | 50 | 50 |
| Qońırat | 48 | 48 |
| Kanlıkól | 23 | 23 |
| Moynaq | 16 | 16 |
| Nókis | 31 | 31 |
| Taxiatash | 22 | 22 |
| Taxtakópir | 23 | 23 |
| Tórtkúl | 64 | 64 |
| Xojeli | 44 | 44 |
| Shımbay | 49 | 49 |
| Shomanay | 32 | 32 |
| Ellikqala | 71 | 71 |

2017/2018-oqıw jılınıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda ulıwma orta bilim beriw mekemeleri sanı 0,1 payızǵa (1) kóbeydi.

**2018/2019-oqıw jılı basına aymaqlar kesiminde ulıwma bilim beriw mekemelerindegi oqıwshılar sanı,** *mıń adam*

| | 2017/2018-oqıw jılı basına | 2018/2019- oqıw jılı basına |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **294,7** | **326,5** |
| Nókis q. | 47,5 | 53,3 |
| *rayonlar:* | | |
| Amiwdáriya | 34,0 | 37,0 |
| Beruniy | 31,2 | 35,0 |
| Qaraózek | 7,3 | 8,0 |
| Kegeyli | 13,4 | 14,7 |
| Qońırat | 21,2 | 23,5 |
| Kanlıkól | 7,4 | 8,1 |
| Moynaq | 4,5 | 5,0 |
| Nókis | 8,7 | 9,7 |
| Taxiatash | 10,6 | 11,9 |
| Taxtakópir | 5,8 | 6,5 |
| Tórtkúl | 34,5 | 38,1 |
| Xojeli | 19,1 | 21,2 |
| Shımbay | 17,4 | 19,1 |
| Shomanay | 6,8 | 7,4 |
| Ellikqala | 25,3 | 28,0 |

2018/2019-oqıw jılı basına tayarlıqlar smenalıǵı boyınsha ulıwma bilim beriw mekemeleri sanınıń bólistiriliwi tómendegishe: 11,6 % mektep bir oqıw smenasında (2017/2018-oqıw jılı basına 15,8 %), 88,1 % mektep eki oqıw smenasında (2017/2018 oqıw jılı basına 83,3 %) hámde 0,3 % mektep úsh oqıw smenasında isleydi (2017/2018 oqıw jılı basına 0,5 %).

Smenalar boyınsha bilim alıp atırǵan balalar sanınıń bólistiriliwi tómendegishe: birinshi smenada 57,1 % (2017/2018-oqıw jılı basına 59,1 %), ekinshi smenada 42,8 % (2017/2018-oqıw jılı basına 40,4 %), úshinshi smenada 0,1% (2017/2018-oqıw jılı basındaǵı 0,5 %) oqıwshılar bilim almaqta.

## Ulıwma bilim beriw mekemeleri tayarlıqlarınıń smenalıǵı*, %




**)Fizikalıq hám ruwxiy rawajlanıwında kemshiligi bolǵan balalar ushın mekteplersiz*

## Ulıwma bilim beriw mekemeleriniń pedagog qániygeleri

| | Oqıtıwshılar sanı (órindoshlarsiz) | Olardan joqarı maǵlıwmatlı | Orta arnawlı maǵlıwmatlı |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **33392** | **28919** | **4473** |
| Nókis q. | 5142 | 4999 | 143 |
| *rayonlar:* | | | |
| Amiwdáriya | 3866 | 3327 | 539 |
| Beruniy | 3043 | 2390 | 653 |
| Qaraózek | 1182 | 1055 | 127 |
| Kegeyli | 2206 | 1853 | 353 |
| Qońırat | 2307 | 1979 | 328 |
| Kanlıkól | 1057 | 965 | 92 |
| Moynaq | 705 | 572 | 133 |
| Nókis | 1298 | 1194 | 104 |
| Taxiatash | 1092 | 945 | 147 |
| Taxtakópir | 882 | 763 | 119 |
| Tórtkúl | 2486 | 1952 | 534 |
| Xojeli | 2129 | 1879 | 250 |
| Shımbay | 2417 | 2010 | 407 |
| Shomanay | 1080 | 961 | 119 |
| Ellikqala | 2500 | 2075 | 425 |

**Ulıwma bilim beriw mekemeleriniń pedagog qániygeleri**

*Oqıtıwshılar sanı (órindoshlarsiz),mıń. adam*






**Ulıwma bilim beriw mekemeleri pedagog qániygeleriniń qalaliq hám awıllıq jerler boyınsha bólistiriliwi**

| Oqıw jılı basına | Qalalıq jerlerde mıń adam | Awıllıq jerlerde mıń adam |
|---|---|---|
| 2017/2018 | 13,4 | 17,8 |
| 2018/2019 | 14,7 | 18,7 |

**Pedagog qániygeler ulıwma sanında háyel-qızlardıń úlesi**

| Oqıw jılı basına | Háyel oqıtıwshılar úlesi,% | Sonnan, baslanģish klass oqıtıwshıları,% |
|---|---|---|
| 2017/2018 | 75,3 | 94,4 |
| 2018/2019 | 74,9 | 94,3 |

Joqarıdaǵi grafik hám diagrammalardan kórinedi, ulıwma bilim beriw mekemeleriniń shtatdaǵı qániygeleri 2018/2019 oqıw jılı basına 7,1 payızǵa ósti hám 33,4 mıń adamdı quradı. Qalalıq jerlerde ósiw 9,7 % ǵa, awıllıq jerlerde 5,1 % ǵa jetti.

Sonıń menen birge, 2018/2019-oqıw jılı basına joqarı maǵlıwmatlı oqıtıwshılar sanınıń ósiwi 8,8 % dı, orta arnawlı maǵlıwmatlılar - 3,0 % dı quradı. Bul bolsa, joqarı oqıw orınları pitkeriwshileriniń oqıtıwshılar qatarına qosılıp atırǵanlıǵın kórsetedi. Jámi oqıtıwshılarǵa qaraǵanda háyel – oqıtıwshılardıń úlesi 2017/2018-oqıw jılındaǵı 75,3 % dan 2018/2019-oqıw jılına kelip 74,9 % ǵa jetti.

Qaraqalpaqstan Respublikasında bir oqıtıwshıǵa ortasha 10 oqıwshı tuwrı kelmekte.

**2018/2019-oqıw jılı basına aymaqlar kesiminde bir oqıtıwshıǵa tuwrı keletuǵın oqıwshılar sanı, adam**




Keltirilgen kesteden kórinedi, bir oqıtıwshıǵa tuwrı keletuǵın júkleme kóbrek Qaraózek, Kegeyli, hám Shomanay rayonında - 15 oqıwshı, Moynaq hám Taxtakópir rayonlarında bir oqıtıwshıǵa 14 oqıwshıdan tuwrı keledi. Bir oqıtıwshı ushın 7 adamnan ibarat eń kishi júkleme Tórtkúl rayonına tuwrı keldi.

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**statistika basqarması**
**Sotsiallıq taraw statistikası bólimi**
**tel: (61) 222-79-83**
**(71) 230-82-04**